



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 23 jen 2014

### **GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU KONBAT EWYOIN, OPIOID AK EPIDEMI ABI PRESKRIPSYON MEDIKAMAN**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lejislasyon ki deziyen pou konbat epidemi ewoyin ak opioid kap grandi nan kominte yo nan eta. Semèn pase, Gouvènè a ak lidè lejislativ yo te jwenn yon antant sou plizyè pwojè lwa ak refòm asirans pou amelyore opsyon tretman pou moun yo kap souffri nan adiksyon ewoyin ak opioid; mezi pou ranfòse penalite ak mete anplas zouti adisyonèl pou lapolis diminye sou distribisyon medikaman ilegal; pwovizyon pou asire itilizasyon apwopriye ak san danje naloxone; yon antidòt sidozaj epi soutni kanpay sansibilizasyon piblik ranfòse pou prevni abi medikaman. Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon an- sa ki egalman bati sou aksyon administratif eta te pran pou konbat ewoyin-pandan yon aktivite nan Binghamton Inivèsite nan Vestal, New York.

“Ewoyin te vini yon kriz sante piblik nan kominote yo toupatou nan peyi a, men jodia Eta New York ap pran yon pozisyon pou ranvèsè epidemi sa a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lejislasyon an bati sou aksyon ke nou te deja mete sou pye nan ranfòse lwa nou yo, amelyore sipò tretman, mete penalite ki pi sevè pou trafikan yo ak fòmè premye sekouris yo ak lòt pèsonèl ijans oswa lapolis nan fason pou yo itilize yon medikaman anti-sidozaj pou sove lavi. Mwen fyè dèske nou lanse repons konplè ak apwofondi sa nan moman kote Nouyòkè yo bezwen l plis, e mwen remèsye anpil defansè, lidè yo nan kominote a ak ofisyèl ki eli yo ki te rann jou sa posib.”

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Cuomo te anonse yon seri nouvo inisyativ sa ki gen ladan ajou 100 investigatè eksperimante nan Ekip Ranfòsman Nakotik Kominotè lapolis eta; nouvo efò pou fè apwovizyonman naloxone, yon antidòt sidozaj, ki disponib a tout premye inite sekouris yo nan Eta, ak lansman yon kanpay sansibilizasyon sible ki pral fèt nan tout kanpis kolèj ak inivèsite piblik yo. Kòm yon pati nan kanpay sa, anplwaye SUNY ak CUNY pral travay ansanm avèk lapolis eta pou soulve sansibilizasyon sou danje ki genyen nan abi ewoyin ak opioid. Nan ane 2011, Gouvènè a te siyen “Lwa Bon Samariten 911” pou pwoteje moun yo kap chèche asistans medikal pou yon moun kap eksperimante yon sidozaj medikaman oswa lòt ijans medikal ki menase lavi soti nan pèsèkasyon ak arestasyon pou sèten krim ki gen rapò a medikaman.

Ko-lidè majorite sena Dean Skelos te deklare, “Nouvo lwa sa yo pral pote eta nou an yon etap ki pi pre

Haitian Creole

nan mete fen nan fleyo ewyoin epi ede moun ki gen difikilte avèk adiksyon. Mwen aplodi Senatè Boyle ki te dirije efò sena pou mete aksan sou pwoblèm sa nan wòl li antanke Prezidan Fòs travay Konjwen Sena sou adiksyon ewoyin ak opioid, e mwen apresye patisipasyon tout manm yo ak plizyè santèn patisipan nan 18 fowòm yo ki te òganize toupatou nan eta. Avèk èd yo, New York ap pran aksyon rapid ak deziziv pou asire tretman pou moun yo ki afekte epi pou bay lapolis zouti yo bezwen pou retire ewoyin ak opioid nan lari nou yo.”

Majorite Sena, Ko-lidè Jeffrey D.Klein te deklare, “Anba nouvo lwa yo nap bay moun ak fanmi yo ki gen difikilte avèk sibstans sonb sa pou sipòte bezwen an ak pran aksyon enpòtan agresif pou diminye epidemi abi itilizasyon ewoyin toupatou nan Eta New York. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te rekonèt bezwen pou pran yon apwòch konsyan konplè nan fason pou derasinen vag plis doulè ak destriksyon pandan nap sèvi tankou yon modèl pou lòt eta yo kap lite kont sibstans sa kap devalize jèn nou yo, fanmi ak kominote yo.”

Prezidan Asanble Sheldon Silver te deklare, “Nou dwe fè tout sa nou kapab pou mete fen nan fleyo adiksyon ewoyin ak opioid. Li se yon devastasyon pou fanmi yo. Li febli kominote yo e lap pran yon gwo anplè nan eta nou an. Lè lwa sa siyen jodia, Gouvènè Cuomo ap voye mesaj ke New York ap goumen kont abi ewoyin ak opioid. Nan kòmansman ane sa asanble a te òganize yon seri tab wonn ki te pote ansanm yon laj varyete defansè ak moun ki enterè yo pou eksplòre pwoblèm yo ki anviwone adiksyon ak abi ak pou diskite sou solisyon yo. Pake lejislativ konplè jodia ki te siyen an lwa enkòpore efò edikasyon ak sansibilizasyon pou sispann abi sibstans lan anvan li kòmanse ak bay zouti ki nesèsè pou fè yon diferans ki pi nesèsè pou fanmi ak kominote yo.”

Seantè Tom Libous te deklare, “Pake sa pral ofri lapolis, doktè ak lekòl nou yo zouti yo bezwen pou sove lavi. Nap pran chak etap ki nesèsè pou prevni ka lanmò ak destriksyon zanmi, fanmi ki koze pa ewoyin ak opioid. Atravè edikasyon ak ofri sèvis a moun ki adikte yo nou ka kòmanse ranvèsè epidemi danjere sa a.”

Senatè Phil Boyle, Prezidan Fòs Travay konjwen Sena sou adiksyon Ewoyin ak Opioid, te deklare, “Pwojè lwa jodia ki siyen an demontre kisa gouvènman ka fè lè yap travay ansanm pou konfronte yon kriz. E, pa gen ki gwo kriz eta New York ap simonte pase dega ki te koze pa epidemi ewoyin ak opioid sa.”

Senatè Tom O'Mara te deklare, “Mwen espere ke aksyon sa yo pral sove lavi ak pwoteje plis ak plis jèn nan adiksyon devastatè ak mòtèl sa a. Mwen te rekonesan pou opòtinite sa pou rejwenn kòlèg lejislativ mwen yo ansanm avèk Gouvènè a pou atenn yon repons rapid pou youn nan menas sante piblik ki pi alaman ke nou pat janm konfwonte. Nou te travay ansanm sou efò konpreyansif sa pou eseye sove lavi, kenbe kominote yo pi ansekirite ak prevni plis trajedi ki gen rapò a ewoyin sou nivo rejyonal ak nan eta.”

Manm asanble Steven Cymbrowitz, Prezidan asanble Alkòl ak Komite abi dwòg te deklare, “Nou konstate ogmantasyon alaman nan abi ewoyin ak opiate nan eta New York mande kalite repons kolaboratif ak plizyè nivo nap bay jodia. Sa a se yon lagè ke nou mennen kont yon enmi trèt, e nou te wè twòp viktim pou nou ta chita epi kite chagren sa kontinye. Travay di antre nan elaborasyon pake sa a, e

Haitian Creole

nou ta dwe fè travay di anplis ak kontinye vijilans pou asire ke nou satisfè obligasyon nou pou adrese kriz ewoyin ak opiate nan tout aspè yo avèk tretman apwopriye pou tout moun ki bezwen l.”

Manm asanble Donna Lupardo te deklare, “Mwen fyè anpil pou travay kolaboratif sa ki te fèt sou sijè sa ki enpòtan anpil. Gouvènè a ak lejislati a te aji rapidman pou amelyore opsyon tretman kreye nouvo penalite ak dramatikman amelyore edikasyon piblik. Antanke Prezidan Komite Asanble a sou Timoun ak Fanmi, mwen espesyalman kontan avèk nouvo modèl swen an ki mete anfas sou prevansyon, entèvensyon bonè, ak amelyorasyon jesyon ka.”

Egzekitif Konte Broome Debbie Preston te deklare, “Ewoyin te vini yon medikaman de chwa e li vini pi mòtèl ke nenpòt ki lòt kalite medikaman, espesyalman pou jèn nou yo. Mwen aplodi Eta New York paske li te rekonèt pwoblèm lan epi li pran etap pou non sèlman amelyore aksè a tretman, men egalman pou diminye sou doktè ak famasi ki ilegalman vann grenn opioid, ki ka mennen a men plis moun vin adikte a ewoyin.”

“Lejislasyon konplè sa a kowòdone ak ranfòse resous eta epi bay kolèj ak inivèsite SUNY yo nan eta New York zouti adisyonèl pou goumen medikaman danjere epi kenbe etidyan nou yo ak kanpis yo san danje,” te deklare Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher. “Nan siyen lwa sa a nan Inivèsite Binghamton, Gouvènè Cuomo siyale yon fwa ankò ke sante ak sekirite etidyan New York yo se yon pi gwo priyorite, e nou rekonesan pou lidèchip li.”

Ewoyin se yon depresan ki adiktif anpil, e itilizatè yo reprezante yon varyete laj, ras ak lòt orijin. Sidozaj mòtèl, kontraksyon Epatit B ak/oswa VIH/SIDA ak adiksyon ak depandans se pami yon sirabondans efè negatif ki kapab lakoz nan itilizasyon ewoyin. Anplis de danje fizik, itilizasyon ewoyin menase lavi sosyal yon moun kap itilize l- souvan fòse lye familial, amitye ak relasyon pwofesyonèl.

Nan tout peyi a, abi ewoyin te ogmante nan pousantaj elve danjere nan resan ane yo. Nan 2013, te genyen 89,269 ka ewoyin ak tretman preskripsyon opiate admisyon nan Eta New York sèlman, yon ogmantasyon de 63,793 nan 2004. Pandan menm peryòd sa a, dwòg la te egalman touche de fason dispwopòsyone te gen enpak sou Nouvòkè yo ki gen laj ant 18 a 24 ane. Nasyonalman, jiska 467,000 moun te rapòte ke yo te abize ewoyin oswa soufri de depandans ewoyin nan 2012.

Pake pwojè lwa gen ladan pwovizyon ki annaprè yo:

**Mezi amelyore pou sipòte tretman adiksyon:** Lwa gen ladan pwovizyon ki annaprè a pou ede sipòte tretman moun yo ki gen pwoblèm adiksyon sibstans:

- Pèmèt moun yo ki bezwen tretman pou gen aksè a yon pwosesis apèl akselere ak asire ke yo pa refize yo swen pandan pwosesis apèl la ankou.
- Amelyore aksè nan swen nan egzije konpayi asirans yo pou itilize rekonesans, ki baze sou evidans ak kritè egzamen klinik, ki apwouve pa Biwo Eta Sèvis Alkòl ak Sibstans Abi (OASAS), lè

yap pran desizyon sou nesesite ak tretman medikal. Sa a pral egzije pou konpayi asirans yo konstaman kouvri nivo tretman apwopriye pou pasyan yo ki souffri avèk twoub abi sibstans.

- Asire ke nesesite desizyon medikal yo fèt pa pwofesyonèl medikal yo ki espesyalize nan sante konpòtman ak abi sibstans.
- Kreve yon nouvo pwogram demonstrasyon ki vize nan deziyen yon nouvo modèl swen ki ta vize pou konsewa pasyan yo ki pa bezwen entènè lopital pou dezentoksikasyon, men toujou bezwen tretman, nan sèvis ak etablisman ki apwopriye. Pwogram sa ta bay tretman altènatif akoutèm ki baze sou kominote pou evite pri sal dijans ki pa nesesè ansanm ak pèmèt OASAS pou etidye efikasite nouvo apwòch pou adrese bwzwen moun yo kap souffri avèk adiksyon sibstans.
- Mande OASAS pou kreve yon pwogram sèvis ki anlope yon pwogram demonstrasyon pou bay sèvis a adolesan ak adilt jiska nèf mwa apre yo fin konplete pwogram tretman avèk siksè. Sèvis sa yo ta nan fòm sèvis jesyon ka ki adrese edikasyon, legal, finans, sosyal, swen timoun ak lòt sipò. Sèvis sa yo pral ede ansyen pasyan yo amelyore kalite lavi epi grandman redwi chans yo pou rechite.
- Prevwa ke jèn ki akize yo pou souffri de yon twoub itilizasyon sibstans - sa ki kapab mete jèn lan andanje pou tèt li oswa lòt moun - kapab gen aksè pa yon founisè sètifye OASAS kòm pati de yon moun ki bezwen sèvis divèsyon sipèvizyon (PINS).

**Nouvo Penalite pou Ede redwi sou distribisyon dwòg ilegal:** Lejislasyon an gen ladan pwovizyon ki annaprè pou pèmèt Eta ak ranfòsman lalwa pou pi byen redwi sou distribisyon ewoyin, opioid, ak preskripsyon medikaman ilegal:

- Kreve yon nouvo krim nan kòd penal “fwod ak twonpri ki gen rapò a sibstans kontwole” pou diminye sou doktè, kriminalize konpòtman pa moun sa yo ki te jwenn oswa eseye pou jwenn sibstans kontwole oswa yon preskripsyon nan move reprezante tèt yo kòm yon doktè oswa famasi, oswa prezante yon preskripsyon ki fòje.
- Ajoute “lavant kriminèl de yon preskripsyon sibstans kontwole oswa de yon sibstans kontwole pa yon pratisyen oswa famasyon” tankou yon enfraksyon ki deziyen nan bi pou delivre manda dekout ansanm avèk ajoute ofans lan tankou yon “zak kriminèl” nan bi pou swit ka antrepriz koripsyon yo. Ti refòm sa yo men enpòtan pral bay lapolis ak pwosekitè yo kapasite pou itilize bon souskripsyon ekout pou etidye pi konplètman krim ki enplike distribisyon sibstans kontwole, ansanm avèk aplikasyon dwa otomizasyon aktivite òganize ki gen rapò a trafik preskripsyon medikaman nan Eta New York.
- Sibsvansyon Depatman Sante Ranfòsman Biwo Nakotik DOH te elaji aksè a istwa kriminèl pou fasilite ankèt yo sou moun malonèt kap preskri ak distribitè yo.

- Ogamnte penalite pou lavant kriminèl abi kontwole pa yon famasyen oswa pratisyen nan fè krim lan vini yon feloni klas C.

**Amelyore aksesibilite a twous anti-sidozaj Naloxone pou ede sove lavi:** Lejislasyon an gen ladan pwovizyon ki annaprè yo pou asire itilizasyon komsadwa de naloxone - yon antidòt sidozaj - lè li administre:

- Egzije ke chak twous anti-sidozaj gen kat enfòmasyon yo avèk enfòmasyon enpòtan sou fason pou rekonèt sentòm yon sidozaj; ki etap pou pran; sa ki gen ladan premye sekouris; ak fason pou gen jwenn aksè a sèvis yo nan OASAS.
- Pèmèt yon pi gwo aksesibilite a naloxone. Pwofesyonèl swen sante yo kapab kounye preskri medikaman sa kap sove lavi pa preskripsyon non-spesifik a pasyan, sa vle di chak ofisyè lapolis oswa lòt premye sekouris pral genyen yon pi gwo aksè a medikaman sa kap sove lavi. Famasyen yo, ap itilize ekspètiz pwofesyonèl yo, nou pral kapab tou distribye naloxone a tout moun ki bezwen l.

**Elaji Kanpay Edikasyon Piblik pou Prevni Itilizasyon Opioid ak Ewoyin:** Lejislasyon an gen ladan pwovizyon ki annaprè yo pou elaji kanpay sansibilizasyon piblik pou ede edike Nouyòkè yo - patikilyèman elèv ak jèn mou yo sou danje ki genyen lè yo itilize ewoyin ak opioid:

- Mande OASAS pou antreprann yon kanpay sansibilizasyon piblik edikasyonèl nan itilize fowòm piblik, medya (sosyal ak mass) ak piblisite pou edike jèn yo, paran, pwofesyonèl swen sante ak lòt moun sou risk ki asosye avèk ewoyin ak opioid, fason pou rekonèt siy adiksyon ak resous yo ki disponib pou fè fas avèk pwoblèm sa yo.
- Mande Komisyonè Edikasyon Eta pou mete ajou pwogram abi dwòg chak twazan kidonk elèv yo kapab genyen enfòmasyon ki pi ajou pou fè fas avèk abi dwòg ak lòt pwoblèm abi sibstans.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE

Haitian Creole